

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kamekaran sastra Sunda ti jaman ka jaman tangtuna bakal bédha, boh ka arah anu leuwih hadé boh sabalikna. Ieu hal gumantung ka jalma salaku anu ngagerakkeun ieu jaman, hartina moal bisa disebut hiji kamekaran saupamana euweuh jalma nu ngajalankeunana. Kitu deui pupujian, anu kaasup kana jenis sastra Sunda wangun puisi, anu kaayeunakeun beuki carang dinadomkeun (Ropiah & Rifai, 2020, kc. 126). Komo lamun di daerah kulon Jawa Barat mah, katitén pisan masarakatna boroning kana pupujian, basa anu digunakeun ogé geus kacampur ku basa séjén atawa geus jarang anu ngagunakeun basa Sunda (hasil wawancara jeung guru ngaji Istri ti Pasantréan Annur RT 01/RW 02, ping 3 April 2022, waktu 05.45 WIB).

Désa Sukaresmi mangrupa salahiji désa anu aya di daerah kulon Jawa Barat, pernahna di Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor. Désa Sukaresmi kabagi jadi 4 RW sarta 14 RT. Anu ti unggal RT na aya masigit anu dijadikeun tempat ibadah sarta dipaké pikeun tempat diajar ngaji barudak. Salian ti éta, aya sababaraha pasantréan anu masih kénéh aktip hirup kumbuhna jeung masarakat sabudeureunana.

Dumasar kana hasil obsérvasi di Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung. Kamekaran puisi pupujian geus carang pisan dinadomkeun. Dina ayana ogé pasti dibarung jeung solawat atawa sair ti Arab, sarta dipirig ngagunakeun hadroh. Ku kituna, aya pupujian anu dinadomkeun bari ngagunakeun alat nyaéta hadroh.

Nurutkeun Koswara (2005, kc. 78) pupujian mangrupa puisi anu eusina ngeunaan puja-puji, doa, naséhat, jeung ajaran anu dijiwaan ku agama Islam. Dina basa Sunda pupujian sok disebut ogé nadoman, nu mangrupa runtuyan kekecapan anu kauger ku padalisan jeung pada. Aya ogé nu nyebutkeun, yén pupujian mangrupa jenis puisi Sunda heubeul anu teu ngawujud carita nya éta sair (Isnendes, 2010, kc. 21). Eusina mangrupa pangajaran agama, do'a, solawat, taréh Nabi, jeung unsur-unsur séjén tina agama Islam (Ruhaliah, 2019, kc. 71). Ieu pupujian biasana dinadomkeun di lembur basa nungguan waktu solat magrib atawa saméméh jeung sabada ngaji.

Pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor, katitén geus carang pisan dipaké. Ku kituna, perlu ayana invéntarisasi kana ieu pupujian, sangkan dina mangsa anu bakal kasorang masih kéneh nyampak. Pupujian atawa nadoman basa Sunda di Désa Sukaresmi, nepi ka ayeuna masih kénéh aya wangun téksna, mangrupa nadoman, nu aya di sababaraha sumber. Contona waé ti guru ngaji, sesepuh lembur, atawa barudak santri (hasil wawancara jeung guru ngaji Istri ti Pasantréni Annur RT 01/RW 02, ping 10 Désember 2021, waktu 17.15 WIB).

Pupujian anu aya di ieu lembur eusina leuwih kana pépéling ngagungkeun Gusti, pépéling, jeung pasal-pasal dina parukunan. Nadomanana ogé sok ditarung ku alat, nya éta alat hadroh. Ieu hal saluyu jeung sajarah ayana pupujian di tatar Sunda nurutkeun Rosidi (2009, kc. 16) nu nyebutkeun yén pupujian geus aya dina jaman Islam atawa sabada Pakuan Pajajaran runtag kira-kira dina taun 1579 M. Dina ieu mangsa, disebutkeun yén Islam mangaruhun kana kasusastraan Sunda kaasup pupujian hadro, rudat, jeung saterusna.

Ieu pupujian bakal dipesék ku ulikan struktural. Dina struktural leuwih nyoko kana struktur puisi anu ngawengku téma atawa ma'na (*sense*), rasa (*feeling*), nada (*tone*), jeung amanat atawa tujuan (*intention*) (I.A. Richard dina Isnendes, spk., 2018, kc. 94). Dina pedaranana bakal dipesék ogé ngeunaan ajén moralna, sabab dina unggal pupujian hampir sakabéhna ngandung ajén moral. Ieu ajén moral dina pupujian bakal dipedar sacara déskriptif dina bagian struktur puisina. Ajén moralna matok kana genep ajén moral, nya éta moral manusa ka alam, moral manusa ka dirina, moral manusa ka manusa séjenna, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah (Sudaryat, 2015, kc. 126).

Salian ti éta, ieu pupujian bisa jadi bahan pangajaran di sakola. Sakola anu dijadikeun objék nyaéta SMPN 2 Mégamendung, saluyu jeung KIKD dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal pangajaran basa jeung sastra Sunda berbasis kurikulum 2013 revisi 2017 jenjang SMP, nu diterbitkeun ku Pamaréntah Daerah Provinsi Jawa Barat Dinas Pendidikan taun 2017. Anapon KIKD na nyaéta KD 3.3 sarta 4.3 di kelas VII: “*KD 3.3 Mengidentifikasi bentuk, struktur dan isi, fungsi sosial, serta aspek kebahasaan teks pupujian*”. Sarta “*KD 4.3 Melantunkan*

pupujian sesuai dengan ciri khas daerah masing-masing dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur teks dan aspek kebahasaan”. (Disdik Prov. Jabar, 2017, Kc. 48). Ieu hal tangtu tujuanna sangkan siswa/peserta didik ngaronjat nalika diajar basa Sunda ngaliwatan pupujian. Sabab dina pupujian aya kekecapan anu hadé tur éndah. Salian ti éta, dina pupujian aya niléy agama jeung atikan anu bisa dijadikeun pangajaran ka barudak sakola (Ropiah & Rifai, 2020, kc. 126).

Invéntarisasi pupujian diperlukeun sangkan henteu leungit dina mangsa anu bakal datang. Hal éta, kusabab ieu naskah-naskah Sunda kaasup naskah pupujian anu réa kénéh bacacar di pileumburan di pigunungan anu masih kénéh dicarekel dipusti-pusti ku nu teu ngarti kana gunana. Réa naskah anu disimpen didama-dama, henteu beunang sagawayah ditémbongkeun ka nu lain ahli warisna, nepi ka henteu wasa ditémbongkeun anu tungtungna béak ku ngeget jeung kala. Réa ogé anu raruksak éta naskah da ku sabab jarang dibuka (Rosidi, 2009, kc. 11). Salian ti éta, ayana ieu panalungtikan sangkan ngawanohkeun pupujian ka barudak sakola tur dina diajar basa Sunda téh henteu hésé, sok sanajan aya pangajaranana di sakola kelas VII.

Ieu panalungtikan kungsi diayakeun ku mahasiswa DPBS di antarana: “Struktur jeung Ajen Moral Puisi Pupujian di Kacamatan Ciwidey pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi SLTP”, nu disusun ku Teten Prihadi (2004); “Analisis Puisi Pupujian di Kampung Ciodéng Désa Andir Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung”, disusun ku M. M Sirojul Munir (2008); “Pupujian di Pasantré Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP” nu di susun ku Abdurahman Wahid (2014).

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan anu judulna “Pupujian di Kelurahan Cigondéwah Kalér Kecamatan Bandung Kulon Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan Karakter)”, nu disusun ku Santi Adawiah (2019); sarta “Pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP Kelas VII (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra) nu disusun ku Linda (2020). Salian ti éta, ieu panalungtikan kungsi diayakeun di luar

mahasiswa DPBS, nyaéta “Puisi Pupujian Dalam Bahasa Sunda” disusun ku Aam Masduki (2009).

Sabenerna masih loba kénéh anu geus nalungtik ngeunaan pupujian. Bédana panalungtikan ayeuna jeung anu saméméhna nyaéta objék panalungtikanana. Sanggeus nyalusur data-data panalungtikan saméméhna, can aya nu kungsi ngulik pupujian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupaten Bogor. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Pupujian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupaten Bogor pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah nu diidéntifikasi dina ieu panalungtikan nyaéta ngainvénitarisir, ngadéskripsikeun, nganalisis struktur dina pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupaten Bogor, sarta larapna pupujian pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun kelas VII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Pupujian naon waé anu masih aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupaten Bogor?
- 2) Kumaha struktur lahir jeung struktur batin pupujian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupaten Bogor?
- 3) Kumaha réspon masarakat sabudeureun kana pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupaten Bogor?
- 4) Kumaha larapna hasil invéntarisasi pupujian kana pangajaran ngaregepkeun di sakola kelas VII SMPN 2 Mégamendung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Aya dua tujuan dina ieu panalungtikan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus bakal dipedar di handap ieu.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umumna nyaéta pikeun mikanyaho sarta ngainvénitarisir pupujian naon waé anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor, sarta pikeun ngalarapkeun pupujian dina bahan pangajaran ngaregepkeun sangkan siswa leuwih kairut diajar basa Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) pupujian anu masih kénéh aya digunakeun di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor;
- 2) struktur lahir jeung batin anu kapanggih dina pupjian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor;
- 3) réspon masarakat sabudeureun kana pupujian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor;
- 4) hasil invéntarisasi pupujian kana pangajaran ngaregepkeun di sakola kelas VII SMPN 2 Mégamendung.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Dua mangpaat dina ieu panalungtikan, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis. Anapon mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis bakal dipedar di handap ieu.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun référénsi anu bisa mekarkeun élmu pangaweruh, boh dina widang sastra boh kabudayaanana. Hasil panalungtikan ieu ogé bisa dijadikeun salah sahiji bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat:

- 1) pikeun panalungtik, ayana pangalaman sarta ngeuyeuban pangaweruh hususna dina ngainvénitarisir pupujian di hiji lembur;
- 2) pikeun panalungtik ka hareupna, bisa jadi référénsi anu bisa dimekarkeun jadi élmu pangaweruh sarta salaku bahan atawa sumber acuan dina panalungtikanana;

- 3) pikeun murid, bisa maham kana pupujian sarta ngajadikeun sumanget diajar basa Sunda;
- 4) pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahana wawasan jeung pangaweruh kana pentingna ngainvénitarisir pupujian;
- 5) pikeun lembaga, dipiharep bisa nambahana sumber-sumber panalungtikan jeung bisa mawakeun pangaruh anu hadé kana lembaga anu disebut.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi dipidangkeun dina lima bab, kayaning ieu di handap.

Bab I Bubuka, dina ieu bab dipedar kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu kabagi jadi dua bagaian nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta medar ogé raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir, dina ieu bab dipedar perkara pupujian, struktural, jeung bahan pangajaran ngaregepkeun, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan, dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan; téknik panalungtikan anu kabagi jadi dua nyéta téknik ngumpulkeun data (talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, angkét, dokuméntasi, transliterasi) jeung téknik ngolah data; instrumén panalungtikan anu ngawengku instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data (instrumén talaah Pustaka, format obsérvasi, padika wawancara, padika angkét, média dokuméntasi, jeung transliterasi) ogé instrumén panalungtikan dina ngolah data (analisis struktur puisi); data jeung sumber data, sarta prosédur panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar ngeunaan pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor, pedaran ngeunaan analisis struktur puisi, boh struktur lahir boh struktur batin pupujian, réspon masarakat sabudeureun kana ayana pupujian, sarta pedaran ngeunaan larapna téks pupujian pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan hasil panalungtikan sarta implikasi jeung rékoméndasi pikeun guru, siswa, jeung panalungtikan satulunya.